

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Jaman kiwari minat jeung kaparigelan siswa dina pangajaran nulis kurang pisan, hususna dina pangajaran nulis wawaran dina wangun basa Sunda. Kurangna pangaweruh siswa kana kandaga kecap basa Sunda jadi salah sahiji bangbaluh dina ngébréhkeun hiji gagasan tinulis atawa lisan.

Ku sabab kitu, siswa jadi kurang kreatif dina ngedalkeun kekecapan pikirna. Lian ti éta, cara diajar atawa cara guru dina nepikeun materi pangajaran mangaruhan pisan kana mekarkeun minat jeung kamampuh siswa dina pangajaran basa Sunda, hususna dina pangajaran nulis wawaran.

Pangajaran nulis di sakola-sakola miboga tujuan sangkan siswa miboga pangaweruh, kaparigelan jeung sikep anu hadé ngeunaan pangajaran nulis, salah sahijina dina nulis wawaran. Pangajaran nulis wawaran penting pikeun ngalatih siswa dina nyiapkeun diri nalika hirup kumbuh dilingkungan masarakat. Lian ti pikeun komunikasi jeung jalma séjén, nulis wawaran ogé bisa mantuan siswa dina diajar nepikeun inpormasi sacara bener.

Ku kituna, unggal siswa kudu miboga karep nu gedé pikeun bisa diajar nulis, sabab dina kahirupan modern, nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan anu pohara dibutuhkeunna. Nulis ogé kacida pentingna pikeun dunya atikan sabab nulis bisa mantuan siswa dina prosés mikir (Tarigan, 2008, kc. 22). Kaparigelan nulis bisa ngaronjatkeun kaparigelan komunikasi sacara tinulis. Kitu ogé nu ditétélakeun ku Tarigan (2008, kc. 3) yén nulis mangrupa hiji kaparigelan basa anu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung jeung jalma lian. Basa tulis ogé miboga peran pikeun nepikeun informasi, ide atawa gagasan ti hiji jalma ka jalma séjén dina kaayaan jeung waktu nu leuwih jembar tur lega. Semi (2007, kc. 14) ogé nétélakeun yén nulis bisa disebut prosés kreatif mindahkeun gagasan kana lambang-lambang tulisan.

Nulis mangrupa kagiatan nu dilakukeun ku hiji jalma pikeun ngahasilkeun hiji tulisan. Saluyu jeung anu ditétélakeun ku Nurgiantoro (1988, kc. 237) yén nulis mangrupa aktivitas aktif produktif, nyaéta aktivitas ngahasilkeun basa. Diajar nulis nyaéta diajar mikir ngagunakeun cara nu tangtu (Tarigan dina Yuningsih, 2013, kc. 1). Dina sababaraha wangenan diluhur bisa dicindekkeun yén nulis mangrupa kagiatan atawa prosés anu bisa ngahasilkeun sababaraha mangpaat, boh bisa jadi pakakas komunikasi atawa bisa ngahasilkeun hiji karya anu bisa diajénan ku jalma séjén.

Sakumna tujuan pangajaran di luhur tangtuna teu leupas tina peran guru. Guru kudu miboga kaparigelan dina ngatur jeung nyiptakeun kelas anu matak ngirut kana minat siswa pikeun bisa merhatikeun matéri anu ditepikeun. Salah sahijina guru kudu bisa ngalarapkeun modél-modél pangajaran dina sakabeh matéri, boh matéri maca, ngaregepkeun, nyarita, atawa nulis.

Dina ngaronjatkeun kaparigelan nulis, hususna nulis wawaran anu saluyu jeung KIKD 2013 (2013, kc. 24) ngeunaan materi pangajaran anu aya dina KD 7.4.3 anu eusina ngeunaan *menyusun dan menanggapi wawaran dan atau iklan layanan masyarakat* pikeun kelas VII di tingkat SMP. Ku kituna, tangtu kudu aya cara atawa usaha sangkan ngirut minat siswa kana materi anu ditepikeun. Modél pangajaran mangrupa hal anu teu bisa dipisahkeun tina kagiatan diajar ngajar. Modél pangajaran bisa mantuan guru dina nepikeun bahan pangajaran anu leuwih ngirut minat siswa.

Dina ngungkulan masalah-masalah pangajaran nulis, hususna dina nulis wawaran perlu digunakeun modél pangajaran anu luyu jeung materi pangajaran. Dina ieu panalungtikan, modél pangajaran anu digunakeun nyaéta modél pangajaran *concept sentence*. Modél pangajaran *concept sentence* mangrupa salah sahiji modél pangajaran anu dilakukeun ku cara méré kecap galeuh ka siswa sangkan disusun jadi sababaraha kalimah anu dimekarkeun jadi paragraf.

Modél *concept sentence* dipilih sabab miboga kaunggulan nyaéta, bisa ngaronjatkeun sumanget diajar siswa, ngarojong kana kaciptana suasana diajar anu kondusif, bisa nyiptakeun suasana diajar anu pikaresepeun, bisa ngarojong sarta mekarkeun prosés mikir kreatif, bisa ngarojong siswa sangkan miboga

sawangan kana sababaraha hal tina sababaraha sudut pandang, bisa numuwuhkeun kasadaran sangkan migawé hal anu leuwih hadé, bisa leuwih sadar diri, bisa leuwih maham kana kecap galeuh tina materi poko anu diajarkeun, bisa méré kasempetan pikeun siswa anu leuwih pinter dina mantuan siswa anu kamampuhna kurang. Lian ti éta, anu utama dina modél pangajaran *concept sentence* nyaéta ayana sababaraha kecap galeuh anu dipaké pikeun mantuan siswa dina prosés mikir kreatif nalika mekarkeun hiji kecap jadi kalimah atawa paragraf.

Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *concept sentence* saméméhna kungsi dilaksanakeun kalawan judul “Modél Pangajaran *Concept Sentence* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran“ anu ditalungtik ku Ai Rohati Angkatan 2010 jeung “Modél Pangajaran *Concept Sentence* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Esey” anu ditalungtik ku Rena Anggraeni Angkatan 2010. Hasil dina panalungtikan saméméhna anu ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence* dina nulis sisindiran jeung Esey tétéla hasilna ngaronjat.

Panalungtikan anu ayeuna moal bisa disebut sarua atawa aya tuluyanna jeung panalungtikan anu saméméhna. Panalungtikan anu ayeuna leuwih kana sangkan ieu modél bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis wawaran.

Dumasar kana kasang tukang nu geus dipedar di luhur, diperlukeun ayana panalungtikan ngeunaan “Modél *Concept Sentence* dina Pangajaran Nulis Wawaran (Studi Kuasi Ékspérimen ka Siswa Kelas VII D SMPN 44 Bandung Taun Ajaran 2014/2015)”. Ieu panalungtikan bisa dijadikeun salasahiji alternative modél pangajaran dina nulis wawaran di SMP kelas VII.

## 1.2 Rumusan Masalah

- a. Kumaha kamampuh siswa kelas VIID SMPN 44 Bandung taun ajaran 2014/2015 dina nulis wawaran saméméh ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*?
- b. Kumaha kamampuh siswa kelas VIID SMPN 44 Bandung taun ajaran 2014/2015 dina nulis wawaran sabada ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence* ?

- c. Naha aya béda anu signifikan dina kamampuh nulis wawaran siswa kelas VIID SMPN 44 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence* dina nulis wawaran?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ngalakukeun sagala hal pasti miboga tujuan, kitu deui ieu panalungtikan. Luyu jeung masalah-masalah nu geus dirumuskeunieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum jeung sacara husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngabuktikeun jeung ngadéskripsikeun ngaronjat henteuna kamampuh nulis wawaran ngagunakeun modél *concept sentence*.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngabuktikeun jeung ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh siswa kelas VII D SMPN 44 Bandung Taun Ajaran 2014/2015 dina nulis wawaran saméméh ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*;
- b. kamampuh siswa kelas VII D SMPN 44 Bandung Taun Ajaran 2014/2015 dina nulis wawaran sabada ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*;
- c. béda anu signifikan antara kamampuh siswa dina nulis wawaran saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *concept sentence* di kelas VIID SMPN 44 Bandung Taun Ajaran 2014/2015.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Aya sababaraha mangpaat anu dipiharep sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan, boh mangpaat sacara teoritis atawa sacara praktisna.

#### 1.4.1 Mangpaat Téoritis

- a. Nambahan pangaweruh nu macana, katut jadi salah sahiji referensi pikeun kaperluan-kaperluan anu aya pakaitna jeung panalungtikan modél-modél pangajaran séjén.
- b. Mikanyaho salah sahiji modél pangajaran anu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis wawaran.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat anu dipiharep sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan nyaéta pikeun:

- a. panalungtik jeung pamaca

Sangkan bisa nambahan pangalaman dina widang nulis, hususna dina nulis wawaran jeung ngeuyeuban deui pangaweruh ngeunaan modél pangajaran *concept sentence*.

- b. siswa

Bisa jadi modél atawa cara diajar anu ngirut jeung ngamotivasi siswa sangkan bisa ngalatih kaparigelanna dina mekarkeun basa jeung pangaweruh anu dipibanda dina wangun wawaran.

- c. guru

Ngajembaran pangalaman ngeunaan modél, sangkan bisa jadi salah sahiji solusi pikeun pangajaran nulis dina ngagunakeun modél pangajaran.

#### 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi diwangun ku lima bab, bab 1 Bubuka, ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab 2 aya Ulikan Pustaka, eusina ngeunaan wangenan modél pangajaran, modél pangajaran *concept sentence*, wangenan nulis, wangenan wawaran, modél pangajaran *concept sentence* dina pangajaran nulis wawaran, panalungtikan saméméhna, sarta kalungguhan tioritis panalungtik.

Dina bab 3 aya Métoeu Panalungtikan, anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumen panalungtikan, prosedur panalungtikan jeung analisis data.

Dina bab 4 Timuan jeung Pedaran, timuan ngawengku kamampuh nulis wawaran saméméh dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*, kamampuh nulis wawaran sabada dilarapkeun modél panagajaran *concept sentence*, jueng analisis béda anu signifikan antara kampuh nulis wawaran saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*, sarta dina pedaran aya hasil panalungtikan modél pangajaran *concept sentence* dina pangajaran nulis wawaran.

Bab 5 ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rekomendasi tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.